TARIRO YANHASI

CHITSAUKO 23

KWAUNOTUNGAMIRIRWA NEZVAKAIPA

Handiti unoziva kuti hupenyu hunofananidzwa kazhinji nemugwagwa. Mugwagwa une paunotangira nepaunoperera. Mimwe migwagwa inokuendesa kunzvimbo huru kune maguta akanaka. Pane mamwe matauriro aiitwa kare ekuti, “Migwagwa yese inoenda kuguta reRoma.” Hongu ndizvo zvazvaive pamazuva ekubudirira. Kune mimwe migwagwa yatinoti haina kwainoenda. Zvinoreva kuti ukaitevedza haina kwainokusvitsa. Umwe mugwagwa unogona kuti ukatevedza unozonoperera munyanza. Kana kuti unogona kufamba mumugwagwa unopedzisira wangokusvitsa pamusoro pegomo. Uri ipapo unozoona muzasi macho muine bani rakanaka zvikuru rinenge riri pamberi pako. Kana kuti unenge uchifamba mumugwagwa unokuendesa zvinyoro nyoro pagomo guru.

Hupenyu hwakaita kunge mugwagwa hune pahunotangira hwozoita pahunoperera. Mugwagwa wehupenyu unogona kukusvitsa kumafaro kana kukusuwa. Bhaibheri rinotiunza pamusoro pemwana uyu wekutanga akazvarwa nevabereki ava vekutanga. Muzvirongwa zvapfuura ndanga ndichitaura pamusoro pemwana uyu akura ava murume mukuru. Vakamutumidza zita rekuti Kaini. Kaini akatanga zvakanaka asi nekuda kweshanje kana ruvengo mumoyo make akaponda munun’una wake Aberi. Mwari pavakatarisana nehunhu hwake uhu iye akabva apikisana naMwari. Asi Mwari saMwari vanoruramisa havana kurega chinhu chakaipa kudai

chichingoitika pasina mubairo wavanopa kumunhu aita chinhu ichi. Zvino Mwari pavakapa mutongo wavo kumhondi iyi yekutanga, Kaini akadaira kuti, “Kurangwa kwangu kunopfuura zvandinokwanisa kutakura.” Asi mutongo waMwari wavanga vapa Kaini wanga wakakodzera uye waifanira kuitwa.

Ndima mbiri pfupi pfupi. Mitsara miviri muna Genesi 4:16,17 inotipa zvakabuda mumutongo wakapihwa Kaini. *“16. Saka Kaini akabva pamberi paJehovha akandogara munyika yeNodini, kumabvazuva kweEdheni. 17. Kaini akarara nomukadzi wake, akava nemimba akamuberekera Enoki. Ipapo Kaini akanga achivaka guta, uye akaritumidza zita romwanakomana wake Enoki.”*

Ndima idzi dzinotiudza ZVINOITIKA kana munhu asingateveri Jesu. Kaini anoita sarudzo isina huchenjeri. Izvi ndizvo zvinoitika kana uchirarama hupenyu hwakaipa. “Saka Kaini akabva pamberi paJehovha.” Kaini aive nedzimwe sarudzo dzaaikwanisa kuita. Chokwadi ndechekuti sarudzo idzi dzakaiswa pamberi pake naIshe pachezvavo. Akatanga kuuya nemupiro. Mupiro wakauya naKaini hauna kugamuchirwa naIshe. Mwari vakati kwaari, “Kana ukaita zvakanaka, haungagamuchirwi here?” Saka sarudzo yekuti Kaini atendeuke yakanga iri pamberi pake. Angadai akagadzirisa hukama hwake naMwari. Mashoko aya anoreva kuti angadai akagadzirisa hukama hwake naMwari. Nemamwe mashoko ndiri kuti angadai akaita rugare naMwari, asi akaita sarudzo yekusateerera Mwari. Akaita nharo naMwari. Tsitsi nekuregererwa zvakange zvichiri kukwanisa kuwanikwa naKaini kana

achinge azvikumbira. Asi Kaini akabva pamberi paJehovha. Ini ndinotenda kuti munhu wese akaipa. Munhu wese anoita mabasa etsvina anorasikirwa nekugona kwake kuita sarudzo dzakanaka. Anoita sarudzo dzakaipa nekuti anenge abuda mukuwadzana naMwari. Ini ndinotenda kuti hupenyu hwaKaini hunoratidza izvi kwatiri nekutiratidza zvimwe zvezvinoitika kana munhu akabva pamberi paMwari.

Chinhu **chechipiri** chakaitika ndechekuti akabva azviita munhu asingasvikirike. Patinodzidza Bhaibheri tichida kuona kuti nemhaka yei munhu akasikwa naMwari. Tinodzidza kuti Mwari akasika munhu kuti munhu awadzane naMwari. Vabereki vedu vekutanga vanonzi Adamu naEva vaiwadzana naMwari. Takaverenga muchitsauko chakapfuura kuti Mwari vaiuya mubindu kwotonhorera. Vaiuya kuzowadzana naAdamu. Mushure mekunge vatadza kuwadzana uku kwakabva kwapera. Asi kunyange zvakadaro Adamu naEva vakaramba vachigona kutaura naMwari. Vakaramba vachikwanisa kunzwa Mwari achitaura navo. Asi Kaini paakabva panzvimbo iyi pamberi paIshe akabva abva panzvimbo yekuwadzana naMwari. Heano mashoko anorwadza anotaurwa muBhaibheri: “Saka Kaini akabva pamberi paJehovha.” Izvi hazvirevi kuti kune dzimwe nzvimbo Mwari dzavasingagoni kusvikira. Mashoko aya anongotiudza kuti pano pane murume akaramba kuwadzana naMwari.

Iyi inofanira kunge yaive nzvimbo ine kusurukirwa kwakakura. Ini ndinofunga kuti hakuna munhu anosurukirwa sekusurukirwa kunoita munhu anenge aramba kuwadzana naMwari. Munhu akaipa anozvibvisa kubva

kuhupano hwaMwari hunonyaradza nekutsiura. Kaini akabva muhupano hwaMwari. Ndizvo zvinoitwa nevanhu vakaipa. Ndiwo mubairo wekutora nzira yako usingatori nzira yaMwari.

Chinhu **chechitatu** chaanoita ndechekuva nehunhu husingadzoreki. Ini ndinotenda kuti Kaini akaramba kuteerera kuraira kwaMwari. Mwari vakati, “Uchava mudzungairi asingazororiri panyika.” Asi tinoverenga mundima idzi kuti Kaini akabva muhupano hwaMwari akanogara kunyika yeNodhi, kumabvazuva kweEdheni. Nemamwe matauriro tingati Kaini kunze kwekuti ave mudzungairi sekutaura kwazvakanga zvaitwa naMwari, iye akaramba kugamuchira kuraira kwaMwari ndokubva aedza kunogara kune imwe nzvimbo.

Ini ndinoziva kuti mumutauro wechiHebheru shoko rekuti Nodhi rinoreva kuti nzvimbo yekudedera. Pamwe zvinotova kwatiri semufananidzo kuti munhu wese ane moyo wakaipa anotya kusangana naMwari. Anobviswa pedyo neEdheni kuti kana zvaibvira akanganwe zvakange zvaitika. Asi ini nemaziviro andinoita emunhu wemukati zvakanaka - izvi zvekuti Kaini aikwanisa kukanganwa zvakaitika, hazvaigoneka. Angadai akawadzana naMwari zvaizipa asi akasarudza kuti zvisadaro. Kaini akava nehunhu husingadzoreki. Kunze kwekuva mudzungairi akavaka guta. Kunze kwekuzvininipisa pasi paMwari akasarudza kusateerera zvaanga anzi naMwari aite.

Munhu akaipa anova nemoyo wakaoma. Nhanho yega yega yaanofamba inomubvisa kuna Mwari. Zvino isu tinofanira kungwarira kuti tisatevere maitiro aKaini. Sarudzo yekuwadzana naMwari inogoneka kuitika iye zvino. Hunhu hwekutsvaga kufarirwa naMwari hunogoneka iye zvino. Chimbomira kwechinguva! Funga pamusoro paMwari nehukama hwako navo.